

Pou Piblikasyon Imedya: 06/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE AMERICAN AIRLINES AK BRITISH AIRWAYS
PRAL ENVESTI 344 MILYON DOLA NAN KAD TRANSFÒMASYON AYEWOPÒ
ENTÈNASYONAL JOHN F. KENNEDY A AN YON ANTRE PRENSIPAL 21ÈM SYÈK**

***Ekspansyon Tèminal 8 Lan Pral Gen Ladan Nouvo Amenajman pou Kliyan yo epi
Pèmèt Sèvis Gwo Frekans yo Ant New York ak London***

***Li Ap Fè Vanse Pi Plis Transfòmasyon JFK pou 13 Milya Dola ke Gouvènè a Ap Fè
Pou Li Ka Vin Tounen Yon Ayewopò Modèn, Ki Inifye***

***Pwojè Tèminal Lan Pral Kreye Plis Pase 750 Nouvo Pòs Travay Total, Sa Ki Ajoute
sou 9,600 Pòs Travay Ki Te Jenere pa Modènizasyon Global JFK a***

Reprezantasyon Grafik yo Disponib [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke American Airlines ak British Airways pral investi 344 milyon dola nan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy (John F. Kennedy International Airport) pou ka elaji epi amelyore eksperyans kliyan yo nan Tèminal 8 lan nan kad plan global Gouvènè a genyen pou fè ayewopò a vin yon pòt prensipal modèn 21èm syèk nan nasyon an.

“Sèlman kat mwa de sa, nou te anonse plan pou transfòme Ayewopò JFK a an yon santral global modèn, ki gen nouvo tèminal epi ki inifye ki ap ajoute 4 milyon pye kare, epi ogmante kapasite ayewopò a de omwen 15 milyon pasaje chak ane”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Jodi a transfòmasyon sa a ap byen vanse, ak yon investisman prive ekstrayòdinè ki pral transfòme JFK an yon ayewopò ki reyèlman modèn. Nouvo investisman sa a fè pati epi anglobe efò elaji Eta a ap fè yo pou ka modènize ayewopò yo ki toupatou nan New York. Soti depi nan Ayewopò JFK ak LaGuardia pou rive Ithaca ak Rochester, nou ap fè pwogrè istorik nan rekonstwi enfrastrikti ayewopò nou an pou fiti, epi asire ke Eta New York ap rete pòt antre nasyon an.”

“Investisman konsiderab sa a ap kontinye ak efò nou ap fè yo pou elaji epi modènize sèvis yo nan Ayewopò JFK a”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Pwojè a pral kreye nouvo travay ak nouvo opòtinite pou plizyè milye moun New York, epi kontinye devlope ekonomi eta nou an epi atire plis vizitè. Transfòmasyon JFK sa a ansanm ak lòt ayewopò yo atravè Eta a pral asire vwayaj ki pi fasil epi pi sekirize epi ranfòse eksperyans jeneral.”

Amelyorasyon nan Tèminal 8 yo pral reyalize konfòmman a yon akò ant Otorite Pòtyè (Port Authority) yo ak American Airlines sou twa pwochen ane yo an preparasyon pou British Airways ki ap deplase soti nan lokal aktyèl yo an nan Tèminal 7, ke yo pral

ranplase nan kad plan JetBlue Airways lan pou konstwi yon nouvo tèminal nan bò nò ayewopò a. Yo pa te itilize finansman Otorite Pòtyè yo nan modènizasyon nan Tèminal 8 yo.

Anons jodi a se dènye etap nan plan vizyon 13 milya dola ke Gouvènè Cuomo a genyen pou avni JFK ke yo te devwale an Oktòb 2018. Investisman rekò sa a, 90 pousan se finansman prive, mande yon ayewopò ki inifye epi ki entèkonekte ki genyen de nouvo tèminal entènasyonal ki gen amenajman modèn pou pasaje yo, opsyon tranpò tèrès ki konvnan yo, ak otowout ki senplifye anpil ki pral ogmante kapasite ayewopò a de omwen 15 milyon pasaje pa ane.

Investisman ke American Airlines ak British Airways te fè nan Tèminal 8 lan pral amelyore eksperyans kliyantèl global lan, ak yon total 70,400 pye kare espas ki ajoute ki gen ladan 33,000 pye kare espas piblik. Yo pral repare yon lòt 57,500 pye kare espas aktyèl. Nouvo amenajman yo gen ladan yo sal akèy prensipal pou toulède liy ayeryèn yo, sistèm ki ranfòse pou malèt yo, espas anrejistremman siperyè yo, ak konsesyon ki modènize yo.

Pral genyen senk pòtay adisyonèl ki laj ase yo pou ka pèmèt plis vòl avyon transatlantik yo ak kat zòn pakin/debakeman pou avyon ki sou tèren avyasyon ki tou pre yo pou ka akomode vòl avyon yo ajoute yo. An konsekans, pasaje yo pral gen fleksibilite ki ogmante pou 14 vòl pa jou pou ale London apati menm tèminal lan.

Investisman ki ap kontinye yo rive nan moman kote JFK te ap bat rekò nan volim pasaje nan ane resan yo, ki ap atenn nivo wo depi toutan yo ak plis pase 61 milyon pasaje an 2018, ogmantasyon de 2.5 konpare a nivo rekò ane pase a.

Yo prevwa ke modènizasyon nan Tèminal 8 lan yo pral kreye 500 pòs travay dirèk ak 750 pòs travay total pandan dire pwojè a, sa ki ap ajoute sou 9,600 nouvo pòs travay ki nan plan vizyon 13 milya dola JFK a ke Gouvènè a genyen an.

Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a Rick Cotton te deklare, “American Airlines ak British Airways te rejwenn efò ekstrayòdinè ki ap vanse yo pou fè ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy nou an vin ayewopò klas mondyal ke kliyan nou yo atann yo a li epi merite yo. Sa se yon pwentounan nan istwa JFK. Nou ap pote repons pou kantite rekò pasaje yo ak nivo rekò nan investisman nan enfrastruktir yo. Nou pral asire tou ke pi bon klas sèvis kliyantèl yo fè pati inisyativ sa yo, pandan ke travay yo ap kòmanse pou transfòme JFK an yon antre prensipal valab nan peyi Etazini”.

Nan kad reyalizasyon plan vizyon JFK a ke yo te anonse an Oktòb pase a, JetBlue ap konstwi yon nouvo tèminal nan bò nò ayewopò a ki koute 3 milya dola, ki mezire 1.2 milyon pye kare, ki pral konekte ak Tèminal 5 aktyèl liy ayeryèn lan. An plis, yon lòt nouvo tèminal nan bò sid ayewopò a ki koute 7 milya dola, ki mezire 2.9 milyon pye kare, pral okipe zòn nan kote Tèminal 1 ak 2 aktyèl yo sitiye, an plis de zòn ki te rete vid lan apre ke yo te demoli Tèminal 3 a an 2014. Nouvo tèminal sou bò sid lan pral devlope pa Terminal One Group, yon konsòsyòm ki gen kat liy ayeryèn entènasyonal — Lufthansa, Air France, Japan Airlines ak Korean Air Lines.

Kolektivman, chanjman nesèsè sa yo pral ogmante kapasite ayewopò a de omwen 15 milyon pasaje nan yon ane. An plis, yo pral mete tou amelyorasyon teknoloji dènye modèl yo nan kad modènizasyon nan tèminal la yo. Depatman Transpò Eta New York lan (New York State Department of Transportation) pral amelyore otowout yo ki ap mennen ale/tounen soti nan JFK, pandan ke Otorite Pòtyè yo pral investi nan amelyorasyon otowout ki nan ayewopò a yo pou senplifye wout koub ki tankou espageti yo.

Prezidan American Airlines lan Robert Isom te deklare, “Investisman nan tèminal nou an epi nan akeyi patnè nou yo sa se yon pwojè gayan-gayan pou alafwa kliyan yo ak manm ekip yo ki nan American ak British Airways. Nan Ko-lokalize ak British Airways sa pral pèmèt kliyan nou yo gen komodite san presedan ak fleksibilite ant de vil klas mondyal sa yo”.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral British Airways lan Alex Cruz te deklare, “Nou kontan anpil pou nou anonse deplasman nou nan Tèminal 8 lan, bò kote American Airlines, ki se patnè biznis konjwen Atlantic nou an. Pwiyorite prensipal nou se pou ofri pi bon eksperyans pou kliyan yo nan JFK nan moman sa a ak nan fiti. Nou espere travay ansanm ak Otorite Pòtyè yo ak American Airlines pou ka kontinye konstwi yon eksperyans vwayaj transatlantik klas mondyal nan nouvo kay nou apati 2022”.

Plis pase 8,000 manm ekip American ap rele New York lakay yo nan JFK ak LGA epi ede American sipòte yon varyete pwogram kominotè ak sivik yo ki enpòtan pou vil lan apati Do Crew, ki se pwogram volontè manm ekip liy ayeryèn lan. American Airlines te dakò konfòme yo anba nouvèl pwovizyon yo konsènan kondisyon pou konstwiksyon yo, òdonans konfòmite yo, patisipasyon MWBE, ak patisipasyon biznis lokal yo ki konsistan ak nouvo estanda yo ke Otorite Pòtyè yo te ap etabli nan kad pwogram redevlopman ayewopò yo.

Gouvènè a te anonse sezon otòn pase a kreyasyon Konsèy Konseye Kominotè Redevlopman JFK a (JFK Redevelopment Community Advisory Council), ki konpoze pa otorite ki eli yo, komite kominotè yo, òganizasyon san bi likratif yo, òganizasyon sivik yo ak lidè eklezyastik yo. Konsèy lan prezide pa Prezidan Awondisman Queens lan Melinda Katz ak Manm Kongrè Ameriken an Gregory Meeks, epi li ap travay ansanm ak Otorite Pòtyè yo pou ka elaji efò sansibilizasyon kominotè yo ki deja ap vanse, asire ke pwojè anbisye JFK yo solisite enpresyon ki ap kontinye nan men pati ki konsène sou plan lokal yo epi tou bay opòtinite konsiderab pou biznis lokal yo, biznis MWBE yo ak moun ki ap chèche travay yo. Sa gen ladan yon angajman nan objektif 30 pousan itilizasyon MWBE yo ki ap mennen nan nasyon an ke Gouvènè a genyen an. Yon biwo kominotè pou pwojè a pral ouvri nan Jamaica, Queens nan semèn ki gen pou vini yo, sa ki ap bay aksè ki pi fasil pou antrepriz yo ki ap chèche opòtinite biznis menm jan ak abitan lokal yo ki ap chèche travay.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)

